**REZYUME.** Maqolada bolalarda kitobxonlik va o‘qish madaniyatini shakllantirishda oilaning tutgan o‘rni va ahamiyati tahlil etilgan. Tadqiqotda o‘qishga bo‘lgan qiziqishni shakllantirishda ota-onalarning shaxsiy namunasi, oilaviy muhit, badiiy adabiyotlarning ta’siri nazariy hamda amaliy asosda yoritilgan. Kitobxonlik madaniyatini erta yoshdan boshlab rivojlantirishning metodologik va psixologik jihatlari asoslab berilgan. Shuningdek, oilaviy kitobxonlikni shakllantirish bo‘yicha tavsiyalar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается роль и значение семьи в формировании культуры чтения и интереса к книгам у детей. В исследовании раскрываются теоретические и практические аспекты влияния семейной среды, личного примера родителей и художественной литературы на развитие читательской активности. Обоснованы методологические и психологические подходы к формированию читательской культуры с раннего возраста. Также представлены рекомендации по развитию семейного чтения.

**SUMMARY.** This article explores the role and importance of the family in shaping reading culture and book interest among children. The study examines both theoretical and practical aspects of how parental modeling, the family environment, and literary works influence children’s reading habits. It outlines methodological and psychological approaches to developing reading culture from an early age. The article also provides practical recommendations for encouraging family-based reading practices.

## ATA-ANANÍ QÁDIRLEW – MILLIY QÁDIRIYaT

**A.K.Pazılov** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, professor*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** ota-ona, bola, qadr qimmat, qadriyat, milliy qadriyat, nevara, chevara, tarbiya, qadriga etmaslik.

**Ключевые слова:** родители, ребёнок, достоинство, ценность, национальная ценность, внук, правнук, воспитание, недоценка.

**Key words:** parents, child, dignity, value, national value, grandchild, great-grandchild, upbringing, lack of appreciation.

**Kirisiw.** Ata-ananı qádirlew, qartayǵan waqtında olardıń awırın jeńillestiriw Shıǵıs xalıqlarına tán bolǵan ázeliy qádiriyatlardan esaplanadı. Sonlıqtan da, «ata-ananı húrmet etiw, olarǵa járdemshi hám tayanısh bolıw, qartayǵan shaǵında olardıń súyenishi bolıw, ruwxıy hám materiallıq jaqtan qollap-quwatlaw, ata-ananıń alǵısın alıw, shańaraqtıń dástúrlerin dawam ettiriw balanıń minneti sanaladı» [3:368].

Hár bir ata-ana óz perzentiniń dúnyaǵa keliwi menen oǵada úlken quwanıshqa bólenedi. Oǵan «jurtta joq» atlardı tańlap qoyıwǵa háreket etedi. Baǵadı, tárbiyası menen shuǵıllanadı, oqıp bilim alıwına, deni saw, hár tárepleme rawajlanǵan shaxs bolıp jetilisiwine ǵamxorlıq jasaydı.

Ata-analar tek bunıń menen sheklenip qalmaydı. Ulların úylendiredi, qızların turmısqa shıǵaradı, olardıń toyların beredi, imkániyatı bolǵanshelli hár balasına óz aldına jay alıp berip, «basqa shıǵaradı». Endi aqlıq baǵıw, jetkerse shawlıq baǵıw degen qosımsha jumıslardı da isley beredi. Sol aqlıq-shawlıqlarınıń deni saw, tárbiyalı, bilimli bolıp ósiwlerine de ǵamqorlıq jasaydı. Anıǵıraq etip aytqanda, hár bir ata-ana aqlıqlı bolǵannan keyin balası menen kelininiń otı menen kirip, suwı menen shıǵıp jasay baslaǵanın ózleride sezbey qaladı. Álbette, bul jumıslardıń barlıǵı da hár bir ata-anadan tınımsız miynetti, uyqısız túnlerdi, aqlıq-shawlıqları quwansa quwanıp, qapalansa qapalanıp, awırsa qudaydan balaǵa bergen dártti ózine beriwin tilep jasawdı talap etedi.

Balalar da óz ata-analardın janınday jaqsı kóredi. Olarǵa ǵamqorlıq jasaydı. Sebebi, milliy qádiriyatlarımızǵa muwapıq ata-ananı húrmetlew hár bir jas áwladtıń ádiwli minneti sanaladı.

Turmısta qońsı - qobalarıńızǵa, aǵayin-tuwǵanlarıńızǵa itibar berip qaraǵanıńızda da ata-analardıń óz perzentlerinen razı ekenlikleri sezilip turadı. Ata-analardıń hesh biri óz perzentlerinen narazı bolǵanlıqların sırtqa shıǵarmaydı, kerisinshe, olardıń barlıǵın «ishine jutadı». Nátiyjede, waqıttıń ótiwi menen olardıń ayrımlarınıń nervi sharshaydı, awırıwǵa shatıladı, kún kórisi qıyınlasa baslaydı. Sońǵılıǵında qudaydan «Tezirek mennen amanatıńdı ala ǵoy» dep kún sayın tilek tilewge ótedi.

Degen menen olar qanshelli ishine óz dártlerin juta bersin, báribir sırttan qaraǵan kózlerge olardıń bir nársege kewli tolmay júrgenligi ap-anıq bilinip turadı. Biz bul máseleni hár tárepleme úyreniw maqsetinde 18 xojalıqtı 10 jıldan artıq **óz baqlawımızǵa alıp** kórdik. Baqlaw jumısımızǵa 12 ata-ana, 3 kempiri qaytıs bolǵan ata hám 5 ǵarrısı qaytıs bolǵan ana qatnastı. Nátiyjelerdi salıstırıp kórgenimizde olardıń kópshiliginde ózine jarasa mashqalalardıń bar ekenligi, ayırımlarınıń dártlerin kimge aytarın bilmey qıynalıp júrgenlikleri anıqlandı.

Biz baqlaw hám sáwbetlesiwimiz nátiyjesinde alınǵan materiallarımızdı studentler menen alıp barılatuǵın lekciya, ámeliy hám seminar jumısları procesinde paydalanıp, olardan mashqalalı jaǵdaylardı jaratıp talqılawǵa salıp kórgenimizde studentlerdiń pikirleriniń unamlı ekenligi de anıqlandı. Sonlıqtan, usı mashqalalı jaǵdaylardan bir mısal keltirip ótiwdide maqul dep esapladıq.

**1-mashqalalı jaǵday.** Birge islesetuǵın Ábdibek ismli dostımızdıń birneshshe ay izlep júrip tapqan jayı balasına maqul túskennen keyin Saranchadan jay alıp, qońsı-qoba, aǵayin-tuwǵanların shaqırıp shashıw berdi. Bir hápteden soń jaydıń balasınıń atına ótkenligi haqqındaǵı hújjetin hám bir ılaqlı eshki alıp, padaǵa qosıp qoyarsań, demde kóbeyedi hám ılaqları aqlıqlarıma ermek boladı dep aparıp bergenin aytıp quwanıp keldi. Burın balası-kelini qolında bolǵandiki me jáne bir hápteden keyin, «balalardan xabar alıp qaytayıq dep edim, qıylanbasań aparıp qaytasań ba» dep ótinish etti. Dostımızdıń kewlin jıqpayın dep alıp bardım. Baraman degenshe balasınıń jayınıń átirapınıń keńligin, quda qálese bir zal, garaj, asxana túsirip beriw oyınıń bar ekenliginde aytıp bardı. Biraq… Úyge jetken waqtımızda hesh birimiz sóyley almay qaldıq. Sebebi, jaydıń kóshe betki jaǵında, úlken etip «Jay satıladı» dep jazıp qoyılǵan edi.

Dostımız, qurdasımız, olardıń qolında qalǵan aqlıq tórtewimiz ayaǵımız tartpasa da kórip keteyik dep ishkeriledik. Tósek salındı. Chay ákelindi, dasturqanǵa nan qoyıldı. Balanıń qabaǵınan qar jawıp tur. Dostımız da, qurdasımız da sóylegendi qoydı. Men tınıshlıqtı buzıp «Balam «Jay satıladı» degen burıngı jazıwdı alıp taslamapsań aw» dedim. Ol jazıwdıń tazadan jazılǵanlıǵın ayttı. «Aǵayin-tuwǵan, qońsı-qobalardan qolaysızlaw bolmay ma? Kempir-ǵarrıń menen oylastıń ba» desem «Oylasıwdıń ne keregi bar, jay meniń atıma óttiǵoy» dep saldı. «Nege satajaqsań» degen sorawımızǵa «Qońsı-qobalardıń ózine jaqpaǵanlıǵın hám jaydıń sırtında kemiriwshi qurttıń bar ekenin sezgenligin» sıltawladı… «Eshkileriń padaǵa úyrenisip ketti me» degen ákesiniń sorawına, beti búlk etpesten olardı erteńine pálen somǵa satıp jibergenligin ayttı…

Studentlerdiń pikirlerin úyreniw hám olarda unamlı qádiriyatlarımızdı qáliplestiriwge baylanıslı bolǵan sezimlerine qozǵaw salıw, jańadan-jańa pikirlerdi oyatıw maqsetinde, dáslep olardıń waqıyaǵa baylanıslı pikirleri tıńlandı.

**Mashqalanı tallawǵa baylanıslı birinshi topar pikerleri** boyınsha bul jerde balanıń ata-anası qádirsizlenbegen. Ol ata-anasınıń alıp bergen jayınan da jaqsıraq jay alıp jasawdı árman etken. Bunıń ushın ata-anası qartaymay turıp ele de járdem beretuǵınlıǵına isengen. Sebebi, óziniń úlken perzenti ata-anasınıń qolında qalǵan. Eger de óziniń aytqanı bolmasa olardıń qolındaǵı aqlıǵın súyrep alıp qaytqanday etip alıp qaytıwda oyında bolǵan…

**Ekinshi topar pikirleri** boyınsha «Keshe kelip, jay hújjetlestirilgennen keyin ne betim menen «Jay satıladı» dep jazaman», «Bul is háreketim menen ata-anamdı qapalandırıp almayman ba?», «Xalıqtan uyat bolmaspa eken?», «Xalıqqa, qońsı-qobalarǵa, keshe shashıwǵa kelgen aǵayin-tuwǵanlarǵa ne betim menen qarayman?», «Jaydı satatuǵın bolsań nege aldıń dep olar soramay ma» siyaqlı hám basqa da sorawlar balanı qıynamaǵan, kerisinshe onıń ata-anasın ishinen qıynaldırǵan. Olar balanıń menmen, ózimshil bola baslaǵanın hám durıslı aqıl-parasat kórinisleriniń joǵala baslaǵanın abaylaǵan.

«Álbette, bul jerde tek balanı ayıplay beriw de orınsızday túyiledi. Kelinde de ayıp bar ekenligi attan anıq sezilip turadı. Sebebi, dım bolmaǵanda ata-enemnen sorap kóreyin dep balanı toqtatıp turıwǵa, eshkilerdi de sattırmawǵa basqanıń shaması kelmese de, kelinniń shaması keletuǵın edi. Biz, bul waqıyanı kórip ata-ananıń qanshelli dárejede ishley qıynalǵanın sezdik. Balaǵa ǵázebimiz qaynadı. Balada juqqan aqıldıń joqlıǵı sebepli oǵan aqıl-násiyatlar bere almadıq» dep juwmaqlanadı birinshi mashqala.

**2-mashqalalı jaǵday.** Jaqında jáne bir jası úlkenniń aqlıǵına quda túsiwge biytanıs adamlar esik qaqqan hám «qamır ushınan pátir» degendey azı-kem qalıń malında ózleri menen birge alıp kelgen. Xojalıq iyesi bolǵan bala ózi quda túsip, qalıń malında alıp, olarǵa ruqsat berip jibergen. Kelgen biytanıs adamlarda jasıúlkenlerińiz barma dep sorap kórgen, degen menen bala jası úlkenlerdiń kele almaytuǵınlıqların esletken. Quda túsip ketilgennen keyin, bala bul jańalıqtı ákesine jetkeriwge asıqqan…

Ne degen biyparasatlıq. Mashqalanı tallaw barısında bala bul jańalıq xabarı menen ákesin quwanta ala ma degen orınlı soraw studentlerge berildi. Studentler ózleriniń juwaplarında, «álbette quwanta almaydı. Kerisinshe qapalandırıp, awırıwǵa shatıldıradı» sıyaqlı juwaplardı berdi.

**Student G.** Qánekey usı jerde aqılı pútin bala bolıp, meniń jası úlkenlerim bar, ákem de bar, olardı xabarlandırayın degende biytanıs adamlarǵa maqul túsedi. Olar jası úlkendi kútip otırıwǵa jalıqpaydı. Bala ákesin shaqırıwı kerek edi.

**Student U.** Jası úlkenleri, ákesi bola tura olardı shaqırǵısı kelmegen, balanıń bolajaq qudasınıń aldında abırayı joqarılamaydı. Sebebi, bolajaq qudalar qudasınıń da, qudaǵayınıń da kim ekenligin, qanday adamlıǵın sol jerdiń ózinde bilip aladı hám keleshekte abaylap, uzaǵıraqtan qatnasıwdıń tárepları boladı.

Haqıyqatınan kelgende, bunday mashqalalı sharayatlardı bolajaq ustazlar sanalatuǵın studentler menen birgelikte dodalap barıw:

- birinshiden, studentler arasında ata-anaǵa bolǵan húrmet seziminiń kúsheyiwine, olardıń qádirine jetiwge bolǵan talpınıslardıń háwij alıwına sebepshi boladı;
- ekinshiden, olar óz ata-analarıń razı etiwi ushın ózleriniń unamlı mine-qulqqa iye bolıwları kerekligin túsinip jetedi;
- úshinshiden, ata-ana ushın sawaplı islerdi hár kúni, hár demde islewleri kerekligin ańlap jetedi.

Rawayatlarda kórsetiliwinshe «Bir mómin-musılman insannıń mómin-musılman ata-anası bolsa, olarǵa jaqsılıq qılıp, onıń sawabın kútken halda tań attırǵan bolsa, Allah oǵan jánnettiń eki esigin ashadı. Eger birewi bolsa, birewin ashadı. Eger perzent ata-ananıń birewiniń ǵázebin keltirgen bolsa, sol adam razı bolmaǵansha, onnan Allah razı bolmaydı» [5:71-72] eken.

Akademik J.Bazarbaev hám Q.Dáwletovalar ózleriniń «Ádepnama» atlı miynetinde «Ata-anaǵa mehriban bolıp, tilegin orınlaǵan perzent ata-ananıń abırayı bolıp tórden orın alıwına múmkinshilik beredi. Al, kerisinshe óz ata-anasınıń násiyhatın almay, olardı húrmet qılmaǵan perzent óziniń ádepsizligi menen atasınıń tórdegi basın esikke shıǵaradı…

Balalardıń urısqaq, jánjelparaz, ómirge narazı bolıp júriwleri ata-ananıń keyiplerine jaman tásir etedi» [1:109] dep júdá orınlı túrde kórsetpeler beredi. Sonday-aq, olar «Ata-anaǵa baqırıwǵa, onı azarlawǵa bolmaydı» [1:109] degen násiyatlarında beriwden jalıqpaydı. Degen menen kitap oqıwdan álleqashan shıǵısıp ketken, «oqıw pitkeremen degenshe bir kitaptıń betin ashpay-aq institutti pitkerip shıqtım» dep, ózin maqtanısh etip júrgen geypara jaslarımız bunday násiyatlardı oqıp kórgeninde, olardıń dúnyaǵa kózqaraslarıda ózgergen bolar edi degimiz keledi.

«Tárbiya» enciklopediyasında kórsetiliwi boyınsha shańaraq rawajlanıwınıń sońǵı basqıshı shańaraqtıń áste-aqırınlıq penen sónip barıwı hám onıń tamamlanıwı menen belgilenedi eken. «Balalardıń erkin shańaraq qurıp, basqa shıǵıp ketiwi menen yamasa bir háwlide birge jasasada hár qaysısınıń óz turmısı, óz mashqalaları menen bánt bolıp qalıwı sebepli er-qatınnıń (ata-ananıń) jalǵızlanıp, óz densawlıǵı máseleleri menen shuǵıllanıwı, bir-birinen birqansha uzaqlasıwı bayqaladı» [4:326]. Mine, usınday waqıtlarda ata-analarǵa súyew bolatuǵın ayrım balalardıń qopal is-háreketleri tek ǵana olardıń ata-analarıń emes, al,

qońsı-qobalarında táshwishke saladı. Sebebi, bunday illet ata-ananı húrmetley bilmegen bala arqalı qońsılardıńda balalarına ótiwi múmkin.

Joqarıdaǵı mashqalalı jaǵdaylarda balanıń ózine tán bolǵan ayrıqshalıǵı kózge taslanadı. Sebebi, «ayrıqshalıq adamnıń xarakter qásiyetleri, erk sıpatları, temperamenti, uqıplılıǵı hám dóretiwshilik xızmetleri arqalı júzege shıǵadı» [2:47]. Demek, joqarıdaǵı mısallarda balanıń, óz unamsız xızmetleri arqalı óziniń ayrıqshalıǵın kórsetip turǵanlıǵı seziledi. Degen menen usı ayrıqshalıq belgileri keleshekte óz balası tárepinen ámelge asırılǵanda óziniń qáteleskenligin bilip, barmaǵın tislewge májbúr boladı.

Usı orında geypara pikir júrgiziwshiler balanıń usınday bolıp qáliplesiwine ata-ananıń ózlerin ayıplı dep sezedi. Bizińshe bul nadurıs pikirler qatarınan orın aladı. Sebebi, hár qanday jańa tuwılǵan balada «…tayın xarakter sıpatları, hár túrli xızmetke baylanıslı uqıplıq bolmaydı» [2:51]. Sonday-aq, «hesh bir unamlı yamasa unamsız qásiyet, uqıplılıq, ata-anadan balaǵa ótpeydi» [3:59].

**Juwmaq.** Joqarıda alıp barılǵan baqlawlarımız hám sáwbetlesiwlerimiz, olardan studentler auditoriyasında paydalanıwlarımız, studentlerdiń pikirlerin geypara ádebiyatlarda berilgen pikirler menen salıstırıwlar nátiyjesinde tómendegishe juwmaqqa kelindi:

1. Ata-ananı qádirlew, olardıń qádirine jetiw Shıǵısqa, ásirese xalqımızǵa tán bolǵan milliy qádiriyatlardan sanaladı.
2. Óz ata-anasınıń qádirin bilgen perzenttiń abırayı kún sayın joqarılay beredi.
3. Óz ata-anasınıń qádirin bilmegen perzenttiń kem-kemnen abırayı tómenlep, sońǵılıǵında xalıq bunday perzentlerden ózlerin awlaq tutıwǵa umtılıp jasaydı.

**Ádebiyatlar**


1. Базарбаев Ж., Дәўлетова Қ. Әдептаныў. – Нөкис: «Билим», 1992.
2. Pazilov A.K., Seytmuratov Q.S., Kurbaniyazova Z.K. Úzliksiz tálim pedagogikasi . Sabaqlıq. – Tashkent: «Yosh avlod matbaa», 2023.
3. Pazilov A. [va boshq.]. Pedagogika teoriyası. – Tashkent: «Noshir», 2018.
4. Тәрбия (ота-оналар ва мураббийлар учунг энциклопедия). / тузувчи М.Н.Даминов, масъул муҳаррир А.М.Мажитов. – Тошкент: «O’zbekiston milliy ensiklopediyasi» давлат илмий нашриёти, 2010.
5. Шайх Мухаммад Садық Мухаммад Юсуф. Әдеплер ғәзийнеси. 1-том. – Ташкент: «Hilil nashr», 2021.



**REZYUME.** Maqolada ota-ona qadrini bilishga doir muammoli vaziyatlar, shaxsiy kuzatishlar, suhbatlashishlar, olingan ma’lumotlardan talabalar auditoriyasida foydalanib ko‘rishlar haqida ma’lumotlar beriladi va ushbu materiallar yoshlarimizni milliy qadriyatlarimizga sodiq bo‘lishga undaydi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлена информация о проблемных ситуациях, личных наблюдениях, беседах связанных с пониманием ценности родителей, использовании полученной информации в студенческой аудитории и эти материалы призывает молодежь оставаться верными нашим национальным ценностям.

**SUMMARY.** The article provides information about problematic situations related to knowing the value of parents, personal observations, conversations, and attempts to use the obtained information in student audiences, and these materials encourage our youth to be faithful to our national values.


## «MUZÍKA TEORIYASÍ» PÁNINDE «INTERVALLAR» TEMASÍN OQÍTÍWDA INTERAKTIV USÍLLLARDAN PAYDALANÍW


**S.M.Tajetdinova** – *docent*

**G.J.Axetova** – *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** nazariya, interval, metod, engarmonik, unison, garmoniya, dissonans, xromatik intervallar, diatonik intervallar, melodik interval, disgarmoniya.

**Ключевые слова:** теория, интервал, метод, энгармоника, унисон, гармония, диссонанс, хроматические интервалы, диатонические интервалы, мелодический интервал, дисгармония.

**Key words:** theory, interval, method, enharmonics, unison, harmony, dissonance, chromatic intervals, diatonic intervals, melodic interval, disharmony.


**Kirisiw.** Ózbekstan Respublikasınıń 2020-jıl 23-sentyabrdegi «Bilimlendiriw haqqında»ǵı ÓRN-637-sanlı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 7-fevraldaǵı «Ózbekstan Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında»ǵı PP-4947-sanlı, 2019-jıl 8-oktyabrdegi «Ózbekstan Respublikası joqarı bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında»ǵı PP-5847-sanlı Pármanları joqarı bilimlendiriw oqıw orınları pedagog kadrlarınıń kásiplik sheberligi innovaciyalıq kompetentligin rawajlandırıw, tarawǵa baylanıslı aldıńǵı shet el tájiriybeleri, jańadan bilim hám kónlikpelerdi ózlestiriw, sonday-aq ámeliyatqa engiziw kónlikpelerin jetilistiriw maqset etip qoyılǵan.

«Muzıka teoriyası» pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıp zamanagóy usıllar menen bayıtılǵan halda ámelde qollaw hám oqıwshı jaslar bilimin bahalawǵa baylanıslı kásiplik kompetentlikke iye boladı.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiyası.** Búgingi kúnde jáhán ádebiyatlarında interaktiv usıllardan paydalanıwdıń mazmun mánisi hám olardı qollanıwdaǵı ózgeshelikleri haqqında bir qatar ilimiy pikirler bar. Usı tiykarda shet el hám ózbek ilimpazları E.M.Deeva [1:9], L.Yu.Safonova [2:13], J.Yuldoshev, S.Hasanov [3:195], D.Ro‘zieva, M.Usmonboeva, Z.Holikovalar [4:3] tárepinen interaktiv metodlardıń usıllarınan paydalanıw ózgeshelikleri keń túrde úyrenilgen. Degen menen, muzıka táliminde qánigelik pánlerdi oqıtıwda interaktiv